

# **Peran Watek Pikiran, Iman, jeung Asmaul Husna dina Ngaronjatkeun Karakter Disiplin Siswa dina Mata Pelajaran Pendidikan Pancasila**

(Studi Kasus Siswa Kelas VII SMPN 2 Pangkalan Kabupaten  
Karawang)

Ku:

Reihan Firdaus

NPM: 215010019

Program Studi Pendidikan Pancasila dan Kewarganegaraan Fakultas Keguruan  
dan Ilmu Pendidikan Universitas Pasundan

## **ABSTRAK**

Panalungtikan ieu dilantarankeun ku handapna karakter disiplin siswa dina milu kagiatan diajar, utamana dina mata pelajaran Pendidikan Pancasila. Kurangna kasadaran siswa dina ngalaksanakeun aturan sakola, saperti henteu tertib dina maca Asmaul Husna saméméh palajaran dimimitian jeung sipat acuh teu acuh kana disiplin, ngajadikeun perluna pendekatan anu dumasar kana nilai-nilai agamis jeung intelektual. Masalah anu diteliti dina panalungtikan ieu nya éta kumaha peran, palaksanaan, ogé halangan jeung solusi tina panerapan *Habits of Mind* dumasar kana iman jeung taqwa (*Imtaq*) ngaliwatan maca Asmaul Husna dina ngawangun karakter disiplin siswa. Panalungtikan ieu migunakeun pendekatan kualitatif kalayan métode studi kasus. Téknik ngumpulkeun data dilakukeun ngaliwatan observasi, wawancara, jeung dokumentasi, anu dilaksanakeun di SMPN 2 Pangkalan, Kabupatén Karawang. Hasil panalungtikan némbongkeun yén kabiasaan maca Asmaul Husna bisa ngawangun pola pikir reflektif jeung kabiasaan anu hadé pikeun ngadukung sikap disiplin. Siswa jadi leuwih tertib, someah, jeung tanggung jawab. Halangan anu kapanggih nya éta kurangna kasadaran siswa jeung lemahnya pangawasan. Usaha anu dilakukeun pikeun ngungkulanana nyaéta ku méré conto hadé, panguat rutin, jeung gawé bareng jeung kolot. Ku kituna, panerapan *Habits of Mind Imtaq* ngaliwatan maca Asmaul Husna kabuktian mujarab pikeun ningkatkeun karakter disiplin siswa.

**Kecap konci:** *Habits of Mind*, *Imtaq*, Asmaul Husna, Disiplin, Pendidikan Pancasila